

Aplikasyon pou Admisyon Volontè (Etablisman Dakèy)

Mwenmenm, _____ prezantman aplike pou admisyon nan
Ekri non moun ki mande admisyon an an karaktè enprimri

Mete non etablisman an

pou obsèvason, dyagnostik, swen, ak tretman twoub mantal mwen genyen, epi mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a se laverite epi kòrèk selon tout konesans ak kwayans mwen.

Mwen fè aplikasyon sa a pou admisyon volontè apre kont eksplikasyon ak revelasyon pou m ka pran yon desizyon ak tout konesans ak volonte m san yo pa fòse m, san twompri, blòf, kontrent, oswa lòt fòm kontrent oswa presyon. Men pou ki rezon mwen mande admisyon nan etablisman sa a:

Mwen se yon granmoun ki konpetan avèk kapasite pou mwen pran desizyon ki byen rezonab, avèk tout volonte m ak konesans konsènan tretman medikal oswa lasante mantal mwen. Mwen pa genyen yon gadyen, avoka gadyen oswa yon moun/mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas mwen.

Mwen bay pa bay yon kopi enstriksyon mwen alavans. Si wi, enstriksyon sa yo enkli
 Testaman Byolojik Moun ki ka pran Desizyon Medikal nan Plas mwen, oswa Lòt bagay ki espesifye:
_____.

Mwen resevwa eksplikasyon pa ekri de dwa mwen kòm malad volontè epi yo eksplike mwen yo trè byen. **Mwen konprann ke etablisman sa a otorize pa lalwa pou li kenbe mwen san konsantman m jiska 24 èdtan apre ke m finn mande pou yo egzeyate mwen;** amwenske yo fè yon demann nan tribinal pou plasman enveloplè nan yon delè de de (2) jou apre m finn fè demann lan.

Mwen konprann ke yo ka chaje m pou pri tretman mwen an.

Siyati Malad Granmoun Konpetan _____ Dat (mwa/jou/lane) _____ am pm
Lè

Non Temwen an _____ Siyati Temwen an _____ Dat (mwa/jou/lane) _____ am pm
Lè

Avi admisyon sa a pa dwe fèt san konsantman malad la eksepte nan kadijans. Itilizasyon fòm sa a pou yon admisyon volontè egzije ke yo ranpli yon "Sètifikasyon Konpetans Malad lan pou Bay Konsantman Eksplisit e Eklere" nan yon delè de 24 èdtan epi si fòm lan itilize pou transfere yon malad de kondisyon enveloplè a kondisyon volontè, yo dwe ranpli "Sètifikasyon an" anvan "Aplikasyon an". "Aplikasyon" ak "Sètifikasyon an" dwe rete nan dosye klinik malad la.